

Ngulir Budi - Nata Pakarti Ana Ing Ranah Birokrasi

Dening : Ki Sutadi

Pangarsa Persatuan Pedalangan Indonesia (PEPADI)

Provinsi Jawa Tengah

Abstrak

Wektu iki akeh tinemu anane prekara ing ranah birokrasi Negara. Ana swasana anget ing lingkungan birokrasi Negara ana ing babagan pulitik. Komunikasi pulitik antarane bebadan luhur nagara (DPR), bebadan Yudikatif (KPK), lan bebadan Eksekutif karasa anget, malah ana sing panas. Menawa kahanane kedawa-dawa bisa nglairake prekara werna-werna. Laku jantraning nagara bisa kedayan panase hawa nepsu pulitik. Ana ranah pulitik, kriwikan bisa dadi grojogan.

Ayahan pemerintahan lan pembangunan bisa rendhet utawa ruwet amarga anane 'ruhara' pulitik. Karana iku para pangarsa nagara, lan kabeh para pangarsa praja, prelu hangulir budi nata pakarti, hangudi supaya duweni kawicaksanan (wisdom) kanggo nanggapi lan ngudhari prekara. Watak arif lan wicaksana prelu dibudidaya kanggo ngudhari prekara bangsa lan nagara. Nyambung karo babagan iki, ana ing basa lan sastra Jawa akeh tinemu kearifan budaya arupa piwulang lan pitutur luhur. Saperangan bebrayan ana sing ngugemi menawa piwulang kautaman utawa pitutur luhur prelu dadi pandam pandoming dumadi. Piwulang lan pitutur luhur bisa dadi gujengan supaya kahanan dadi luwih apik, becik, ayem, tentrem, raharja lan kuncara.

Kridhaning watak utama bisa dadi sarana hambangun nagara. Kanggo nanggapi campur-adhuke prekara nagara, ana ing babagan pulitik, hukum, ekonomi, pendidikan lan sosial budaya, prelu ana ayahan handhudhah piwulang kautaman lan pitutur luhur ana ing basa lan sastra Jawa. Piwulang kautaman lan pitutur luhur prelu malebu lan manjing ana ing birokrasi negara. Kanggo nanggulangi kahanan wektu iki, kabeh elemen bangsa bebarengan karo birokrasi nagara prelu ngulir budi ngetog daya karosaning nalar. Kekuwataning nalar lan budi prelu dipersudi supaya bisa nglairake pakarti

utama lan watak wicaksana. Adikarya ‘ngulir budi nata pakarti’ prelu dadi ayahan wigati ana ing ranah birokrasi.

Darmaning Abdi Nagara

Abdi negara ana ing jagad pewayangan diwujudake ana ing ulah kridhaning satriya utama anggane padha leladi lan ngabdi marang nagara. Satriya dadi paraga minangka carakaning nagara. Ulah kridhane satriya banjur nuwuhake darmaning satriya marang nagara. Lelabuhane para satriya ana ing ranah nagara ora winates madeg senopati ana ing palagan, nanging jembar tebane. Ngukup lan nyakup perangan kang maneka warna, yaiku: babagan laku jantraning nagara, kawicaksaning nagara, nata paugeraning nagara, panguwasane nagara, mikirake kawulaning nagara, lan liya-liyane. Karana iku, ulah-kridhane satriya ana ing pewayangan, jembar tumeka ing ranah kang maneka warna. Gumelare watak satriya banjur mbabar darma, lelabuhan, ayahan, lan pakurmatan kanggo para Dewa lan Ratu (Gustine), para brahmana utawa pandhita, kuncaraning nagara, adil makmur lan karaharjane para kawula; mligine kang lagi nandhang papa lan kasangsaya. Darmaning satriya banjur nyawiji utawa manunggal ana ing ayahan nagara.

Babagan nagara ana ing janturan ki dalang, sesambungan karo kahanan nagara kang panjang-punjung, pasir-wukir, loh-jinawi, gemah-riyah, tata-karta tur raharja. Panjang dawa pocapane, punjung luhur kawibawane. Ana ing susastra pedhalangan uga dipocap-ake manawa ayahan nagara prelu ‘weh boga marang kang kaluwen, weh sandhang marang kang kawudan, weh teken marang pawongan kang kalunyon’. Kajaba saka iku dicaritakake menawa para mantri bupati sapanekare wicaksana, limpad ing kawruh, lan tansah hangudi raharjaning praja. Gumelare watak satriya ana pewayangan linambaran watak darmaning satriya kanggo nagara. Kridhaning watak satriya ana ing pakeliran, ora kabeh bisa dicakake ana ing ranah birokrasi sawise ana reformasi. Saperangan pancen bisa dadi tuladha utawa kaca brenggala. Ananging ana perangan kang angel dicakake. Sawijining perangan kang gampang disinau, dingerteni, lan dikandhakake, nanging ora gampang dicakake ana era reformasi lan transisi demokrasi wektu iki.

Paraga satriya ing wektu iki nyakup kabeh paraga kang lagi ngemban lan ngembat praja. Bisa sinebut abdi praja lan abdi nagara, utawa kabeh paraga kang ana ing birokrasi nagara. Ana sing ngabdi ing bebadan eksekutif,

legislatif, lan yudikatif. Kabeh padha ngayahi tugas lan kuwajiban kanggo mujudake kahanan masyarakat supaya luwih maju, adil, makmur lan sejahtera. Sesanti 'jer basuki mawa beya' dadi dhasar kanggo kabeh ayahan mbangun bangsa lan nagara. Kridhaning birokrasi nagara ora/durung wewaton filosofi 'darma' ana ing buku Vedanta, kang luwih nengenake watak sejati, yaiku ngabdi lan leladi kanggo nagara. Ayahan darma awewaton Vedanta, adoh saka watak rame ing pamrih, nanging luwih nengenake watak sepi ing pamrih.

Mindeng lan njingglengi buku Vedanta, tinemu watak lan candraning jaman kang wus lumaku atusan lan ewonan taun. Watak manungsa ing jaman kawuri, padha ngugemi lan ngrungkebi pakarti utama, yaiku darma kanggo kawulaning nagara. Bebarengan karo lumakune jaman, watak darma salin kahanan nglairake watak 'adarma'. Watak adarma ngrembaka amarga ubaling hawa nepsu sing sinebut pamrih. Karana iku, unen-unen 'sepi ing pamrih', banjur owah dadi 'rame ing pamrih'. Watak sepi ing pamrih rame ing gawe, gumanti dadi watak rame ing pamrih, nanging sepi ing leladi. Adhedhasar referensi buku Vedanta, ulah kridhaning birokrasi nagara, tinemu ora sithik abdi nagara padha lali lan uwal saka watak pakarti utama. Kuwajiban lan ayahan arupa darma, salin rupa malih wujud dadi pamrih. Watak rame ing pamrih karasa ngrembaka ana ing birokrasi nagara. Tinemu akeh para abdi praja lan abdi nagara padha 'konkatan' pakarti luhur lan watak utama. Watak nistha karasa ngrembaka, tumuli akeh sing padha kejiret prekara. Sesanti 'Mamayu Hayuning Bawana', 'Mamayu Hayuning Nusa Bangsa', lan 'Mamayu Hayuning Sarira' ora disinau, lan dingerteni surasane. Surasa lan filosofi ana ing sesanti kasebut, dianggep kuna amarga lair saka ranah Jawa. Pemandeng adhedhasar wulangan Jawa dianggep kuna, feodal, ora modern lan ketinggalan jaman. Karana iku, para pangarsaning nagara luwih nengenake piwulang kepemimpinan (leadership) saka mancanegara; amarga dianggep luwih rasional, ilmiah, maju lan canggih. Piwulang lan pitutur luhur sing ana ing basa lan sastra Jawa dikiwakake lan dilalekake. Wektu iki ana tengara (fenomena), menawa piwulang kautaman lan pitutur luhur wus kesingkir lan kesingkur.

Mbangun Praja - Mbangun Bangsa - Mbangun Nagara

Babagan praja tebane jembar banget amarga sesambungan karo bab negara lan pamarentahan. Ulah kaprajan nyakup laku jantraning negara lan pamarentahan. Babagan ngatur nagara lan pamarentahan dianggep wigati wiwit anane kraton, penjajahan walanda tumeka jaman transisi demokrasi wektu iki. Kadhang kala, praja uga ditegesi kraton, negara, nusa lan bangsa. Karana iku praja duweni teges padha karo kraton utawa negara. Mula ana wulangan lan welingan: “sing bisa njaga praja, sing bisa njaga nusa lan bangsa”. Ana ing bebrayan lumrah dadi kaprah, tembung praja diungkret dadi cilik tebane. Mula ana tembung prajane wanita, prajane priya, prajane korps, kesatuan lan liya-liyane.

Babagan praja ana sambung rakete karo paugeran utawa pranatan praja supaya lumakune kaprajan luwih tumata. Praja ditata nganggo pranatan lan tatanan. Bab kaprajan wis lumaku atusan taun, wiwit jaman kuno tekan saiki. Kejaba saka kuwi, gumelare ulah kaprajan tinulis ana ing manuscript lan naskah-naskah kuno, kayata: Pararaton lan Nagarakertagama. Awewaton naskah-naskah kuno kasebut, Prof. Dr. Slamet Muljana nulis buku ‘Pemugaran Persada Sejarah Leluhur Majapahit’ lan ‘Perundang-undangan Majapahit’. Prof. Mohammad Yamin uga nulis buku ngenani ‘Tatanegara Majapahit’. Napak tilas saka buku-buku kasebut akeh banget bab sing bisa dadi sumber informasi apadene referensi ing babagan tata gelaring ayahan mbangun praja, mbangun bangsa lan nagara. Lelandhesan karo bab-bab kasebut, ora mung tembung (istilah) sing tinemu ana ing kaprajan jaman Majapahit nanging uga bab-bab sing magepokan karo teori, konsep, struktur birokrasi, sesanti, prinsip-prinsip dhasar (grund norm), kawicaksanan, filosofi pemerintahan lan liya-liyane. Wewaton naskah-naskah kuna, ana welingan sing prayoga dadi tetimbangan ana ing ulah kaprajan wektu iki, yaiku: sinau lan nyinau teks, nanging kudu nggatekake karo konteks swasana lan kahanan ing wektu iku.

Ing babagan kaprajan, rikala jaman penjajahan walanda ana tembung pangreh praja. Para punggawa, nayaka praja wektu iku ngayahi pakaryan sing ajeg mrentah utawa ngereh marang kawulane, ngereh marang rakyatane. Sawuse mardika dadi Pamong Praja supaya bisa ngatur praja, nentremake praja kanggo karaharjaning kawula. Ana ing kene, sing luwih wigati yakuwi hangudi murih raharjaning masyarakat, bangsa lan nagara.

Para pangemban pangembating praja prelu jumangkah mujudake pangarsa praja lan pangarsa nagara sing profesional, mursit, santosa ing budi, lantip ing panggraita, mumpuni, lan trampil ana ing ulah kaprajan lan kabangsan. Para pangarsaning nagara kudu bisa njaga kawibawane, sentosa iman lan bebudene, jujur, resik lan duweni harkat lan martabat sing luhur. Ana ing ulah kaprajan, ana wulangan tumrap para pangarsaning nagara, supaya padha tansah njaga praja, sing nyakup njaga prajane eksekutif, njaga prajane legislatif, lan nyaga prajane yudikatif. Para kawula duweni pengarep-arep supaya padha nindakake ulah kabangsan lan ulah kaprajan sing utama, nyingkiri lan adoh saka tumindak nistha. Laku jantraning nagara prelu ditata kanthi premati, supaya bisa lan kasil mujudake kahanan bangsa sing luwih ayem, tentrem, adil, makmur, lan sejahtera.

Kridhaning bebadan eksekutif, legislatif, lan yudikatif prelu lumaku wewaton nilai-nilai luhur lan kearifan budaya kang ana ing bumi Nuswantara. Akeh banget nilai-nilai luhur sing bisa didayakake kanggo mbangun bangsa lan nagara. Gumelare konsep Tri Praja ana ing ranah eksekutif, legislatif lan yudikatif perlu dievaluasi, ditata, dirumpaka, lan disempurnakake supaya bisa mujudake tujuan luhur nagara adhedhesar UUD Taun 1945. Ana ‘amanah’ lan wulangan kang kasebut ana Penjelasan UUD Tahun 1945 sing asli, prelu dipindeng, dihayati, lan dingerteni maneh.

Nyambung karo babagan iki, ditandhesake menawa, kanggo mbangun bangsa lan negara, ana babagan wigati sing prelu ditengen-ake, yaiku semangat para pangarsa negara lan para pangarsa pemerintahan. Surasane, ngelingake tumrap sapa wae supaya duweni watak lan semangat konsisten adhedhasar apa sing tinulis ana ing konstitusi. Menawa tinulis prelune duweni watak kekeluargaan, kudu diugemi lan dirungkebi. Aja malah ngumbar watak perseorangan (individualis).

Dumadine Gerakan Reformasi

Mindeng lumakune bangsa lan negara tekan wektu iki ora bisa dipisahake karo ayahan mbangun bangsa lan negara sadurunge ana reformasi. Ayahan pemerintahan lan pembangunan ana ing era orde lama, lan orde baru prayoga dadi pengalaman sing wigati. Reroncening ‘prastawa’ ana ing sujarah pemerintahan sing wis lumaku, bisa dadi sarana kanggo mindeng kahanan

kang bakal tumeka. Strategi lan kawicaksanaan pembangunan ing wektu-wektu iku prelu ditaliti utawa di-studi.

Pengalaman mbangun Negara ana ing era orde lama lan orde baru ora kabeh cacat, lan sarwa nguciwani, nanging uga ana perangan sing apik lan duweni keluwihan. Ana ing jaman orde lama, pembangunan watak lan karakter bangsa (nation and character buiding) ora dilalekake. Tekad lan semangat berdiri di atas kaki sendiri (berdikari), berdaulat di bidang politik, lan berkepribadian di bidang kebudayaan dipersudi lan diayahi. Sabanjure ana ing era orde baru, dicakake strategi Trilogi Pembangunan, yaiku: ‘stabilitas, pertumbuhan, lan pemerataan’. Sawise lumaku sawetara wektu, disempurnakake dadi pertumbuhan, pemerataan lan stabilitas ana ing babagan apa wae. Pembangunan ekonomi luwih diprioritasake ketimbang pembangunan sosial budaya.

Ana ing wektu iku akeh kritik supaya orientasi pembangunan luwih nengenake pemerataan ketimbang pertumbuhan.

Kebijaksanaan kang sinebut Delapan Jalur Pemerataan wiwit dibiwarakake, milgine ing sektor pendidikan, kesehatan, kesejahteraan sosial, keluarga berencana, lan liya-liyane. Kabeh ayahan pembangunan dituntun ana ing Garis-garis Besar Haluan Negara (GBHN) lan banjur kapacak ana ing rencana Pembangunan Lima Tahun (REPELITA). Sabanjure, ayahan pembangunan ana ing era orde baru dikukuhake minangka implementasi sila-sila ana ing Pancasila. Pembangunan dikukuhake minangka pengamalan Pancasila. Prelu diakoni menawa ayahan pembangunan ana ing era wektu iku tinemu ana kekurangane. Ora kabeh pangarsa negara lan pangarsa praja resik, tinemu anane korupsi, kolusi lan nepotisme (KKN). Pembangunan adhedhasar tuntunan saka ndhuwur (top down) luwih ditengenake, ketimbang nggatekake aspirasi saka ngisor (bottom up).

Bebarengan karo lumakune pemerintahan udakara telung puluh loro taun suwene, ana kanyatan yaiku perekonomian Indonesia sing ringkih. Kawicaksanaan ing babagan ‘nilai tukar’ rupiah sing kaiket karo dhuwit dolar Amerika, banjur nuwuhake dhampak, yaiku mundhake utang luar negeri. Situasi ekonomi ringkih lan ora stabil. Kahanan iki banjur nglairake krisis moneter ana ing taun 1997. Krisis moneter duweni efek sampingan, banjur nglairake krisis ekonomi. Kahanan krisis ekonomi mrembet lan kasil mbukak akehing kelemahan/ kekurangan pemerintahan era orde baru. Gerakan

reformasi kang lair ana ing taun 1998 nggugah semangat perubahan. Reformasi ngusung owah-owahan gedhe ana ing babagan pulitik lan gumelare pemerintahan tataran nasional tumeka ing daerah-daerah. Ringkese, kepingin ngganti tatanan, pranatan pemerintahan lan pangarsa negara sing sipate status quo lan wus lumaku telung puluh loro taun lawase.

Ana ing wektu kang cepet, bisa ngleksanakake pemilihan umum (PEMILU) ing tanggal 7 Juni 1999. Panyarta Pemilu taun 1999 ana 48 (patang puluh wolu) parte pulitik. Wewaton asill Pemilu 1999, ana 5 (lima) parte sing unggul suarane, yaiku: Partai Demokrasi Indonesia Perjuangan (PDIP), Partai Golkar, Partai Persatuan Pembangunan (PPP), Partai Kebangkitan Bangsa (PKB), lan Partai Amanat Nasional. Pemilu sing diadani ana ing taun 1999, winates kanggo milih anggota MPR, DPR, lan DPRD. Sawise Pemilu 1999, ana ayahan gedhe yaiku ndhapuk MPR. Tinemu akeh Ketetapan MPR sing diasil-ake. Ing kene ana babagan wigati, yaiku ayahan ngamandhemen UUD 1945. Saperangan pasal-pasal ana ing UUD 1945 diowahi wewaton spirit reformasi. Sabanjure ana ing taun 1998, kasil ditetepake TAP MPR Nomor X/MPR/1998 ngenani Pokok-pokok Reformasi Pembangunan Dalam Rangka Penyelamatan dan Normalisasi Kehidupan Nasional. Reformasi ngusung ayahan lan owah-owahan gedhe ing babagan tatanan, pranatan, lan laku jantraning negara.

Kahanan Bangsa lan Nagara Sawise Reformasi

Reformasi sing wus lumaku telulas taun, kasil ngowahi lan ngobahake kahanan bangsa lan nagara. UUD 1945 di-amandemen rambah kaping papat. Karana iku, laku jantraning negara ngalami owah-owahan gedhe sing banjur rumit lan daya-pengaruhe ngedab-edabi. Reformasi ana ing ranah hukum lan perundang-undangan dadi underaning ayahan wewaton UUD 1945 sing wola-wali di-amandhemen. Nyambung karo babagan iki, ana perangan sing wigati banget, yaiku: prekara suksesi kepemimpinan negara sacara pilihan langsung, owah-owahan birokrasi negara, lan Pemilu Kepala Daerah (PEMILUKADA) wiwit tataran Provinsi, tumeka tataran Kabupaten lan Kutha kanthi langsung. Babagan wigati kasebut, daya pengaruhe gedhe tumrap laku jantraning negara, lan banjur handa-yani ayahan mbangun negara lan mbangun praja, ana ing saindenging bumi nuswantara. Akeh banget prekara (problem) sing nggubel ana ing ranah birokrasi negara wektu iki.

Kejaba saka iku, ana ing daerah-daerah, amarga anane pemilukada langsung tumrap Gubernur, Bupati, lan Walikota, banjur nglairake prekara maneka warna. Ayahan mbangun bangsa, mbangun Negara, lan mbangun praja ana ing bumi pertiwi iki, dadi angel lan rumit. Isme, faham, nilai-nilai demokrasi, lan Hak-hak Asasi Manusia (HAM) sing manjing ana ing UUD 1945, dadi ‘sabab’ sing njalari akehing prekara ana ing ayahan mbangun bangsa lan mbangun Negara. Reformasi konstitusi sing lumaku suwene telulas taun, ora bisa ninggalake konfigurasi pulitik ana ing DPR. Babagan hukum ana ing ranah biro-krasi negara, ora bisa dipisahake karo ulah kridhaning para elit pulitik ana ing DPR. Karana iku, prekara hukum banjur ‘tabrakan’ karo kepentingan (interest) pulitik. Aspirasi lan interes pulitik banjur malebu lan ndayani prekara ana ing ranah penegakan hukum.

Sawise reformasi lumaku adhedhasar amandemen UUD 1945, ana owah-owahan gedhe ing ranah birokrasi negara. Ana ing wektu iki tinemu 34 bebadan negara lan 28 bebadan sing duweni kewenangan adhedhasar UUD 1945. Bebadan luhur utawa Lem-baga Tinggi Negara, nglimputi:

- a. Presiden dan Wakil Presiden;
- b. Dewan Perwakilan Rakyat (DPR);
- c. Dewan Perwakilan Daerah (DPD);
- d. Majelis Permusyawaratan Rakyat (MPR);
- e. Mahkamah Konstitusi (MK);
- f. Mahkamah Agung (MA); lan
- g. Badan Pemeriksa Keuangan (BPK).

Kejaba saka iku uga didhapuk bebadan lan Komisi Negara sing asipat independen, yaiku nglimputi:

- a. Komisi Yudisial (KY);
- b. Bank Indonesia (BI);
- c. Tentara Nasional Indonesia (TNI)
- d. Kepolisian Negara Republik Indonesia (POLRI);
- e. Komisi Pemilihan Umum (KPU);
- f. Kejaksaan Agung;
- g. Komisi Pemberantasan Korupsi (KPK); lan
- h. Komisi Nasional Hak Asasi Manusia (KOMNAS HAM).

Ana maneh bebadan Negara sing didhapuk adhdhasar Undang Undang, yaiku:

- a. Pusat Pelaporan dan Ana-lisis Transaksi Keuangan (PPATK);
- b. Komisi Pengawas Persaingan Usaha (KPPU); lan
- c. Komisi Penyiaran Indonesia (KPI);

Bebadan lan komisi-komisi ana ing lingkungan eksekutif (pemerintah), nglimputi:

- a. Komisi Kedokteran Indonesia (KKI);
- b. Komisi Pendidikan Nasional;
- c. Dewan Pertahanan Nasional;
- d. Lembaga Pertahanan Nasional (Lemhannas);
- e. Lembaga Ilmu Pengetahuan Indonesia (LIPI);
- f. Badan Pengkajian dan Penerapan Teknologi (BPPT);
- g. Badan Pertanahan Nasional (BPN);
- h. Badan Kepegawaian Nasional (BKN);
- i. Lemba Administrasi Negara (LAN);
- j. Lembaga Informasi Nasional (LIN).

Bebadan liyane ana ing ranah eksekutif, yaiku :

- a. Menteri lan Kementerian Negara;
- b. Dewan Pertimbangan Presiden;
- c. Komisi Hukum Nasional (KHN);
- d. Komisi Ombudsman Nasional (KON);
- e. Komisi Kepolisian; lan
- f. Komisi Kejaksaan.

Isih akeh bebadan lan komisi sing wus kadhapuk ana ing era reformasi wektu iki, wewaton Undang-undang kang wus dirembug lan diputusake antarane eksekutif lan legislatif.

Tatanan lan pranatan birokrasi negara, mligine sawise pemilihan Presiden, kadhang kala ngalami owah-owahan ing babagan struktur organisasi lan penataan personil. Menawa dibandhingake karo struktur birokrasi ana ing era orde baru, karasa luwih rowa lan ngge-dhabyah. Sesanti lan surasa ‘miskin

struktur kaya fungsi' ora diugemi. Karana iku banjur mbutuhake undhaking redhana trilyunan rupiyah saka APBN/APBD.

Struktur birokrasi kang nggedabyah nuwuhake kahanan rumit ana ing fungsi koordinasi. Kridhaning ayahan mranata organisasi ana ing daerah, uga dileksanakake wewaton UU Nomor 22 Tahun 1999 sing banjur diamandemen dadi UU Nomer 32 Tahun 2004, ngenani Pemerintahan Daerah. Kawentare ana ing masyarakat sinebut UU Otonomi Daerah.

Penataan organisasi diayati ana Provinsi, Kabupaten, lan Kutha, wewaton Peraturan Pemerintah (PP) Nomor 38 Tahun 2007 ngenani Kewenangan Pemerintah, Kewenangan Provinsi, Kabupaten lan Kota. Adhedhasar PP kasebut, banjur ndhapuk organisasi Sekretariat Daerah, Badan, Dinas, lan Kantor-kantor. Satuan Kerja Pemerintah Daerah (SKPD) didhapuk ana ing Provinsi tumeka ing Kabupaten lan Kutha. Sawise mranata organisasi banjur dianakake pe

Penataan personil ana ing Provinsi, Kabupaten lan kutha bisa wola-wali, amarga gumantine Gubernur, Bupati, lan Walikota sawise pinilih ana ing pemilukada.

Ana ing babagan penataan personil, kadhang kala ditindakake sacara gedhen-gedhenan, jumbuh karo swasana pulitik wektu iku, amarga akeh Gubernur, Bupati, lan Walikota pinilih, di usung dening parte-parte pulitik. Birokrasi ana tataran daerah akeh sing kadayan aroma pulitik. Ciri-ciri lan watak birokrasi sing kudune netral angel dicakake. Spirit reformasi, yaiku prelune kinerja birokrasi sing luwih wibawa, resik, akuntabel, efisien lan efektif kurang bisa diwujudake. Perilaku boros wis dadi budaya ana ing ranah birokrasi. Sawise reformasi, tinemu anane penyalahgunaan wewenang lan kebocoran anggaran ana ing birokrasi negara lan birokrasi pemerintahan. Kawicaksanan lan ayahan ing babagan pengetatan anggaran, karasa angel amarga kedayan karo kepentingan pulitik.

Sabanjure ana kahanan wigati kang nemahi birokrasi, yaiku komunikasi pulitik lan rapat-rapat antarane DPR karo bebadan eksekutif lan bebadan Negara, kadhang kala karasa panas. Wiwit tahun 2010, tumeka taun 2011 iki, tinemu komunikasi antarane, MA, Komisi Yudisial, Kejaksaan Agung, Kemenkumham, Kepolisian karo KPK sing ora salaras. Sawise Pemilu 2009, komunikasi (politik) antarane bebadan negara sangsaya panas, amarga anane tengara, kahanan, lan kanyatan, yaiku:

1. kriminalisasi KPK;
2. anane suap marang anggota DPR rikala pemilihan Deputy Gubernur BI;
3. kawicaksanaan ngenani 'bill out' kanggo Bank Century;
4. kasus rekening ana ing kepolisian;
5. kasus sing nemahi mantan Kabareskrim POLRI;
6. vonis marang mantan Ketua KPK;
7. vonis marang puluhan anggota DPR;
8. kasus penggelapan pajak;
9. makelar kasus institusi penegak hukum;
10. surat palsu ana Mahkamah Konstitusi;
11. tengara markus lan mafia hukum;
12. tengara anane mafia pemilu;
13. tengara korupsi ana ing kementerian;
14. kasus lan prekara hukum sing nemahi Nazarudin;
15. wacana pembubaran KPK, lan liya-liyane.

Karena iku, reformasi birokrasi wektu iki durung bisa mujudake gegayuhan lan sasaran sing kapacak ana ing Undang-undang Nomor 28 Tahun 1999 ngenani Penyelenggaraan Negara Yang Bersih dan Bebas KKN, lan Undang-undang Nomor 31 Tahun 1999, ngenani Pembrantasan Korupsi. Budaya korupsi terus ngrembaka ana ing ranah birokrasi tumeka wektu iki. Tata kelola pemerintahan sing luwih apik (good governance) lan (good corporate governance) durung bisa diwujudake.

Reformasi konstitusi adhedhasar amandemen UUD 1945 rambah kaping papat, lan ayahan Pemilu limang tahunan wiwit taun 1999, 2004, lan 2009, nglairake kahanan lan konfigurasi pulitik sing terus owah ana ing DPR, lan DPRD. Kejaba saka kuwi, pemilukada tumrap Gubernur, Bupati lan Walikota sing ora lumaku bareng, ngobahake swasana pulitik ana ing tataran regional lan lokal. Prabeya kanggo pemilu lan pemilukada saben limang tahun, cacahé trilyunan rupiah. Ulah kridhaning parte pulitik ana ing era demokrasi mbutuh-ake redhana sing kapara akeh, apa maneh menawa nyedhaki Pemilu. Proses demokrasi sacara pilihan langsung ing saben tlatah, mbutuhake redhana trilyunan rupiyah. Lumakune demokrasi langsung banjur ngrembakakake watak lan budaya pulitik sing sipate 'high cost politics'. Supaya bisa pinilih lan kasil nglungguhi kursi ana ing DPR, DPD, DPRD, utawa bisa pinilih minangka Gubernur, Bupati, lan Walikota, mbutuhake redhana ora

mung atusan yuta, nanging ana sing tumeka milyaran rupiah. Karana iku para pakar lan peneliti banjur duweni panduga, yaiku anane: korelasi antarane prabeya pemilu lan pemilukada karo ngrembakane watak lan budaya korupsi, kolusi, lan nepotisme (KKN).

Korupsi ora mung dumadi ana ing ranah birokrasi negara, nanging banjur mrambah tumeka daerah-daerah. Budaya korupsi karasa ora mung kedaden ana ing ranah birokrasi, nanging wis mrambah lan mratah ana ing institusi perbankan, BUMN, lan swasta. Tinemu akeh watak lan pakarti seneng nyuap dening pihak swasta.

Rikala Komisi I DPR rapat kerja karo KPK, ana salah sawijining anggota nyitir pangandikane Penasehat KPK, yaiku: menawa KPK diparengake nangkep koruptor ana ing legislatif, eksekutif, lan yudikatif, ana kurang luwih 60 % pejabat padha mlebu pakunjaran. Sabanjure, wewaton data ana Kemendagri lan Pusat Pelaporan lan Analisis Transaksi Keuangan (PPATK), tinemu angka 30 % pejabat lan mantan pejabat, eksekutif lan legislatif daerah kejiret prekara KKN. Karana iku, saperangan pejabat lan elit pulitik ana ing daerah, kawibawane wiwit rubuh. Tengara kasebut, ana korelasine karo akehing redhana utawa prabeya kanggo pemilukada, supaya kasil kepilih lan bisa lungguh ing kursi legislatif utawa eksekutif.

Semangat otonomi daerah, sing kawitane duweni ancas supaya rakyat luwih sejahtera, pranyata nglairake akehing prekara korupsi, kolusi lan nepotisme (KKN) ana ing daerah-daerah.

Jumbuh karo semangat reformasi, kridhaning ayahan pengawasan internal ana ing ranah birokrasi uga diadani lan ditingkatake. Pengawasan legislatif dening DPR, lan DPRD uga dileksanakake liwat rapat-rapat lan kunjungan ana lapangan. Kejaba saka iku, Institusi BPK, BPKP, Inspektorat Jenderal ana ing Kementerian, Inspektorat Wilayah Provinsi lan Kabupaten/Kota, sacara teratur (reguler) uga ngleksanakake ayahan pengawasan, pemeriksaan, lan audit keuangan. Tinemu tengara menawa aparat pengawas internal 'ora bisa' duweni sipat independen amarga kadayan kawicaksanan saka pimpinan utawa atasane.

Bebarengan karo ngrembakane lembaga swadaya masyarakat (LSM), fungsi pengawasan saka masyarakat terus lumaku. Fungsi kontrol sosial saka insan pers ana ing media cetak lan media elektronika, ICW, Parlemen Watch, Indonesian Police Watch (IPW), LSI, KP2KKN lan liya-liyane, ora tau kandheg lan mandheg. Ananging, prekara KKN durung bisa ditanggulangi utawa dibrantas. Tumeka ing wektu iki, manut data saka Transparency International (TI), Indonesia dadi sawijining negara sing paling korup ana ing tataran nomer 5 saka 145 negara sing di-survei. Budaya korupsi, kolusi lan nepotisme wis kebanjur ngoyod lan ora gampang dibrantas.

Sawise ayahan reformasi lumaku telulas taun, kahanan adil lan makmur durung bisa diwujudake. Lumakune birokrasi negara lan birokrasi pemerintahan durung efektif. Sinergitas antarane bebadan-bebadan negara sing ngayahi penegakan keadilan, durung bisa mujudake kahanan adil lan jejeg. Akehing prekara KKN sing wus malebu ana ing ranah hukum campur karo prekara pulitik. Swasana pulitik kadhang kala panas, lan banjur malembar nggandheng prekara ekonomi, prekara kepemimpinan, kabangsan, pendidikan, lan prekara-prekara kemasyarakatan liyane. Birokrasi negara lan birokrasi pemerintahan wektu iki, lagi ngadhepi campur adhuking prekara lan maneka krisis ing babagan pulitik, hukum, ekonomi, sosial, kabudayan, keamanan, ketentreman, ketertiban lan liya-liyane.

Birokrasi negara sing wektu iki lagi ngadhepi prekara sing maneka warna, banjur kesurung dayane globalisasi lan transparansi. Daya pengaruhe globalisasi sing kesurung majune babagan ilmu pengetahuan lan teknologi informasi wektu iki, nuwuhake anane owah-owahan budaya. Dayaning interaksi budaya ana ing era globalisasi banjur nuwuhake budaya sandhingan lan budaya tandhingan. Lumakune interaksi budaya sing kesurung kemajuan teknologi lan informasi sing ngedab-edabi, wis gumelar ana ing jagad maya. Tinemu akehing jejaring sosial arupa face book, friendster, youtube, myspace, twitter, blogger, lan liya-liyane. Ngrembakane maneka warna situs lan laman (web site), banjur nglairake dumadine budaya cyber ing wektu iki. Kemajuan ana ing jagat maya ngrem-baka, nanging ana dhampake sing ala. Ana ing ranah iki, akeh tinemu budaya tandhingan sing ‘nglawan’ birokrasi pemerintah. Akeh banget isu-isu panas prekara pulitik, ekonomi, hukum, sosial, lan budaya, sing bisa diwaca ana jejaring sosial iki.

Njelajah ana ing jagat maya, mligine sing sesambungan karo birokrasi pemerintah-an, tinemu kahanan sing mrihatinake. Tinemu akehing tulisan sing ngritik lan nyerang birokrasi pemerintahan. Ana ing babagan iki, tinemu kritikan saka Petisi Garuda, arupa daftar 33 ‘kegagalan’ Presiden ing wektu iki. Tuladhane nyebut

1. durung kasil mujudake kesejahteraan rakyat;
2. ayahan ndandani perekonomian rakyat ora kasil;
3. reformasi birokrasi durung bisa diwujudake;
4. ora bisa brantas lan nuntasake kasus korupsi;
5. penanganan kasus pelanggaran hak asasi manungsa (HAM) durung tuntas;
6. ora kasil mbangun pulitik sing santun, duweni etika, lan durung kasil ngilangi pulitik transaksional;
7. ora kasil nglindhungi sumber-sumber alam lan sumber ekonomi negara liyane;
8. pemerintah ora kasil mbrantas mafia pajeg;
9. gagal mujudake kemandirian pangan;
10. mundhake utang luar negeri;
11. pemerintah ora bisa mujudake kesejahteraan buruh;
12. ora kasil nglindhungi TKI ana ing luar negeri;
13. gagal nangani mafia kayu lan rusake alas;
14. ora kasil mrenahake lan nangani pluralitas bangsa;
15. gagal mbangun masyarakat ing tlatah perbatasan Indonesia-Malaysia;
16. gagal nglestarekake lingkungan hidup kang banjur nglairake banjir;
17. gagal mbangun etika, moral lan karakter bangsa; lan sateruse.

Ana ing jejaring sosial, uga kapacak anane ‘18 Kebohongan SBY’. Ana ing jagat maya, ora tinemu tulisan lan sanggahan saka birokrasi pemerintahan. Tanggapan saka birokrasi pemerintahan winates tinemu ana ing pawarta saka media cetak sing kapacak ana ing jagat maya. Tuladhane rikala ana forum Musyawarah Rencana Pembangunan Nasional (Musrenbangnas) tanggal 28 April 2011. Isine, nandhesake menawa keberhasilan pembangunan bakal kasil mujudake sasaran sauger perencanaan disusun kanthi premati. Sabanjure rikala adicara pengetan Hari Kebangkitan Teknologi Nasional kaping 16 ana ing Auditorium Widya Bhakti Puspiptek Kota Tangerang tanggal 10 Agustus 2011. Ana ing forum iki, dingendikakake menawa kemajuwan teknologi ana

ing republik iki wis maju banget, yaiku malebu ana tataran 44 saka negara-negara ana ing donya. Babagan akehing kemajuan ana ing birokrasi, luwih dibiwarakake ana ing forum-forum resmi. Galagat lan kahanan birokrasi pemerintahan wektu iki, lagi ngadhepi akehing prekara ora mung ana ing alam nyata, nanging uga tinemu ana ing jagat maya.

Ngulir Budi Ana Ing Ranah Birokrasi

Sawise reformasi lumaku telulas taun suwene, birokrasi negara durung kasil nang-gurangi maneka warna krisis sing nemahi bangsa lan negara tumeka wektu iki. Ana ing bebrayan sanjabaning birokrasi, kahanan krisis ora mung ana ing babagan krisis ekonomi, ananging nglimputi: krisis kabangsan, krisis jatidiri, krisis kepemimpinan, krisis keteladan-an, krisis akhlak, krisis etika-moral, lan liya-liyane. Ana satengahing krisis, wiwit taun 2004 ana prahara alam nemahi bumi pretiwi sing nggegirisi, yaiku : tsunami, lumpur lapindo, lindhu ana ing Ngayogyakarta, anane lindhu sing wola-wali, angin lisus, bancana njebluge gunung Merapi lan gunung-gunung liyane, pasar kobong, alas kobong, kapal kerem, sepur tabrakan, baita mabur tiba, banjir bandhang, lemah longsor, tindak kekerasan lan raja pati, ngrembakane narkoba, teror bom, lan liya-liyane.

Sabanjure wewaton akehe pawarta sing kapacak ana koran-koran lan media elek-tronika, ana ‘prastawa’, prekara, kahanan lan kanyatan sing cacache akeh banget, yakuwi: ngrembakane budaya KKN, demoralisasi aparat penegak hukum, anane makelar kasus, praktek mafia hukum, anane konflik pangarsa parte, konflik antar suku, tawuran pelajar lan mahasiswa, ngrembakane budaya demonstrasi, watak seneng ngrusak lan anarkis, budaya debat, lan ngrembakane watak sulaya lan pro-kontra, anane puso lan panen sing gagal ana ing ulah tetanen, ‘ilange’ budi pakarti, etika moral lan kesantunan sosial, lan liya liyane.

Ulah kridhaning birokrasi negara lan birokrasi pemerintahan sawise reformasi lumaku telulas taun, duweni prestasi ora kabeh nguciwani. Menawa ana kang salah langkah bisa dianggep lumrah. Sabanjure wewaton pranatan Undang-undang, Presiden nyusun lan nglapurake Laporan Pertanggung Jawaban marang DPR. DPR banjur mbahas, nanggapi lan netepake keputusan. Ana ing tataran provinsi, kabupaten lan kutha, DPRD Provinsi, DPRD Kabupaten lan Kota, banjur padha mbahas, lan nanggapi ngenani laporan pertanggung-jawaban Gubernur, Bupati, lan Walikota kasebut.

Adhedhasar substansi ana ing laporan pertanggung-jawaban kasebut, akeh banget kemajuan lan prestasi sing diukir dening birokrasi wektu iki. Pertumbuhan ekonomi relatif apik lan stabil ana ing kisaran 6% - 7%, inflasi kasil dikendhaleni, angka kemiskinan suda, pengangguran bisa 'diatasi', ulahe para teroris kasil ditanggulangi, lumakune demokrasi paling 'apik' sadonya, lumakune politik uar negeri apik, lan liya-liyane.

Ana ing babagan prestasi bidang pendidikan, tinemu akehing prestasi sing diukir dening para pelajar ana ing olimpiade tataran internasional. Tuladhane ana ing Olimpiade Kimia Internasional ing Budapest Hongaria, ana cacah 3 (telu) pelajar Indonesia sing ngrebut/nampa medhali emas, perak, lan perunggu. Ana ing IPHO (International Physics Olympiad) pelajar Indonesia kasil ngrebut medali emas cacah 2 (loro), ana ing ISTE (Inter-national Science and Technology Exhibition), ana pelajar cacah 2 (loro) kasil ngrebut Virtual Doctor.

Sabanjure ana pelajar cacah 6 (enem), kasil ngrebut medali ana ing olimpiade internasional IYIPO (International Young Inventor Project Olympiad

Sabanjure, tinemu akeh kemajuan lan prestasi sing diukir dening birokrasi ana ing wektu iki. Titikane, akeh piagam, tanda jasa, penghargaan, bintang-bintang, lan satya lencana, sing kaparingake marang Menteri, Gubernur, Bupati, Walikota, lan para tokoh masyarakat, lan pangarsa praja liyane. Ana ing wektu iki Presiden lan Wakil Presiden, lan pangarsa pemerintahan sing kawogan, wis 'kasil' hangulir budi mranata Menteri-menteri lan Wakil-wakil Menteri. Sawise kadhapuk lan kalantik, ulah kridhane 34 Kementerian lan 3 bebadan setingkat Menteri, 28 bebadan sing duweni wewenang adhedhasar UUD 1945, ketambahan 13 Wakil Menteri (dadi 19 Wakil Menteri), ditantang supaya bisa ngulir budi lan bisa ngatasi campur adhuking prekara ana ing ranah birokrasi. Sawise reshuffle Kabinet Indonesia Bersatu (KIB) jilid II dileksanakake, ulah kri-dhaning birokrasi bakal lumaku wewaton program kang wus karancang ana ing tahun 2011. Kinerja birokrasi pemerintahan ana ing tataran Pusat dijumbuhake karo arahan Presiden ana ing adicara pelantikan. Ana ing tataran Provinsi, Kabupaten, lan Kota, tumuli bakal dileksanakake ayahan nata lan mranata organisasi lan personil supaya trep karo owah-owahan nomenklatur Kementerian ana ing KIB II, yaiku Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan, lan Kementerian Pariwisata dan Ekonomi

Kreatif.

Maneka warna prestasi sing diukir dening birokrasi pemerintahan ana ing jaman wektu iki, dipersepsi beda dening parte oposisi, lan akehing elemen masyarakat kang duweni pikiran-pikiran kritis. Tuladhane, wewaton data saka Lingkaran Survey Indo-nesi ana ing sasi Oktober 2011 martakake, menawa tingkat kepuasan publik ngenani ulah kridhane pemerintahan SBY, sing nyatakake puas ana ing babagan: pulitik 38,4 %, ekonomi 40,9 %, hukum 39,3 % , luar negeri 44,8 %, sosial 49 %, keamanan 56,3 % .

Dumadine kahanan lan prekara kang maneka warna, ketambahan anane prahara alam, saperangan bebrayan padha duweni pangrasa lan banjur ngudarasa: menawa galagating praja karasa ‘meh padha’ karo ciri-ciri jaman edan ana ing Serat Kalatidha? Galagating negara wektu iki lagi kegubel prekara werna-werna, mligine prekara lan dredah ing babagan pulitik, pemerintahan, hukum, lan ekonomi. Birokrasi negara prelu hangulir budi milah lan milih prekara-prekara sing perlu lan kudu diatasi kanthi cepet adhedhasar isu-isu strategis, umpamane:

1. ana ing pemerintahan prelune ngayahi akselerasi reformasi birokrasi sing efisien lan efektif ;
2. ngudhari prekara hukum: yaiku nyepetake ayahan sinergis antarane KPK, Kejaksaan Agung, Kepolisian bebarengan mbrantas KKN nganti tuntas;
3. ningkatake kinerja Setgab Koalisi lan komunikasi pulitik karo DPR
4. ngudhari prekara ekonomi, yaiku mujudake kahanan ekonomi sing luwih stabil, merangi kemiskinan lan pengangguran, nyediakake kebutuhan dasar, nglimputi pangan sandang, papan, pendidikan, kesehatan lan liya- liyane.

Gegandhengan karo bab iki, kinerja KIB Jilid II kudu cepet lan mumpuni nanggapi ‘isu-isu strategis’, jumbuh karo akehing aspirasi lan pengarep-arepe rakyat Hanata Pakarti Ana ing Manajemen Birokrasi

Birokrasi pemerintahan wektu iki, wis kasil ngulir budi ngayahi reshuffle kabinet. Dening para pakar ketatanegaraan, lan para elit pulitik, ditanggapi lan direaksi nganggo cara maneka warna. Umpamane :

- 1) tengara anane dagang sapi;
- 2) proses mranata kabinet kaya drama lan sinetron;
- 3) dumadine ‘kabinet wakil’ sing kelemon utawa tambun;
- 4) bakal mundhake beban redhana saka APBN;

- 5) SBY wedi karo tekanan partai pulitik;
- 6) proses reshuffle bertele-tele;
- 7) reshuffle luwih nengenake kompromi pulitik, lan liya-liyane.

Ayahan mranata kabinet dadi isu panas kanggo ngritik birokrasi. Nanggapi lan ngadhepi ulah kridhaning para elit pulitik pancen rumit lan ora gampang. Prekara sepele bisa mubal ngrembaka dadi gedhe.

Eporia pulitik sawise reformasi, terus lumaku kesurung anane globalisasi lan trans-paransi. Persepsi ngenani demokrasi tumrap elit pulitik, tinemu beda karo persepsi bebra-yan ana ing tataran ngisor (grass root). Karana iku banjur ana dhemo-dhemo gedhen, amarga kesurung persepsi ngenani demokrasi sing bisa muni, bisa bebas lan bisa tumindak sakarepe dhewe. Budaya pulitik ing wektu iki, nyurung ngrembakaning pakarti, watak, perilaku sing ngritik lan nyerang birokrasi pemerintahan. Ana satengahing dhemo kadhang kala ngobong ban, ngrusak, lan bentrok karo aparat kepolisian. Ulah kridhaning birokrasi, di-prediksi bakal terus ngadhepi watak, karakter utawa budaya pulitik sing luwih nengenake kekuasaan (power). Budaya pulitik sing lumaku, lagi nandhang eporia pulitik sing rada keladuk lan kebablasan.

Tinemu kanyatan, menawa birokrasi ana ing era transisi demokrasi wektu iki, kedayan kekuatan lan kepentingan parte-parte pulitik. Akeh banget elit pulitik sing madeg lan dadi pangarsa ana ing birokrasi. Pangarsa negara lan pangarsa pemerintahan padha kejiret ing kala (tersandra) parte-parte pulitik. Kahanan ‘mangro tingal’ utawa ambigu ora bisa diselaki. Pulitik transaksional ngrembaka wiwit tataran nasional, tumeka daerah.

Babagan pakarti, watak, perilaku lan kepentingan pulitik ana ing ranah birokrasi karasa nyawiji. Tinemu akehe pawadan, utawa argumentasi, sing dikemas kanthi rapi; menawa gumelare kepentingan pulitik karasa padha karo kepentingan negara. Surasa sing adi lan agung saka Abraham Lincoln: ‘my loyalty to my party ends, when my loyalty to my country begin’, utawa: ‘kasetyanku marang parte pupus, rikala kasetyanku marang negara lair ngrembaka’, angel dicakake ana ing republik iki. Ulah kridhaning pulitik wektu iki dadi titikan menawa obsesi nguwasani bebadan legislatif lan eksekutif dadi ayahan sing wigati.

Gumelare jagat pulitik sing dipandhegani parte-parte pulitik, nggu-nakake strategi supaya kasembadan nduweni ‘power ‘ ana ing ngendi-endi. Visi lan misine ngarah supaya bisa kuasa lan nguwasani laku jantraning nagara. Karepe kepengin nduweni panguasa nguwasani eksekutif lan legislatif. Malah ana sing kepara dremba, lan murka, kepengin ngereh bebadan yudikatif. Kanggo mujudake visi lan misine, akeh sing kegodha, karo pikirane Sartre: ‘tujuan menghalalkan cara’. Ana uga sing ngugemi prinsip power is money utawa money is power. Karana iku tinemu tetembungan politik dhuwit (money politics), utawa dhuwit kanggo wragat politik. Kanggo menang ing kursi legislatif utawa kursi eksekutif mligine kalungguhan Gubernur, Bupati lan Walikota, pangarsa DPRD, lan liya-liyane kudu duwe bandha kanggo main dhuwit ana ing ranah politik. Tinemu akeh banget pakarti, watak, karakter, lan perilaku ana ing ranah pulitik kang adoh lan uwal saka tumindak utama. Juntrunge, akeh sing duweni tumindak nistha, banjur padha kejiret prekara. Birokrasi negara lan pemerintahan, prelu ngulir budi lan nata pakarti lan mranata watak. Ana ing babagan pulitik prayoga nduweni filosofi sing thukul wewaton nilai-nilai luhur. Filsafat pulitik mulang supaya njingglengi mula bukane pulitik. Wiwit tembung polis, policy lan kawicaksanaan/kearifan kanggo ngatur laku jantraning polis (negara kota). Pemikirane Lord Acton ana ing tetembungan ‘power tends to corrupt, absolute power tends to corrupt absolutely’, prayoga dingretni, difahami lan digatekake. Aja terus kegodha nindakake korupsi lan kolusi (KKN) ana ing birokrasi .

Ulah kridhaning ayahan pulitik prayoga katindakake wewaton budaya politik sing apik lan sehat. Kabeh paraga pulitik prelu nduweni etika politik, sopan santun politik, lan tatakrama politik, wewaton fatsoen apadene kode etik tumrap para pulitikus. Kaya wis wektune para kader parte pulitik nduweni watak lan kapribadhen sing njunjung nilai-nilai luhur sing bisa ngagungake wibawane, lan nglurake harkat lan martabate.

Menawa ana parte pulitik duwe massa akeh (mayoritas), hak-hak masyarakat sing cacahé sethithik (minoritas) kudu diormati. Amarga, roh demokrasi ngormati anane hak asasi manusia (HAM). Sing lagi kuwasa aja kumawasa, aja sawiyah-wiyah, aja sewenang-wenang. Ana wulangan Jawa nganggo pepiridan: “ngono ya ngono ning ya aja ngono”. Esensine sing murwat, sing pantes, trep lan timbang karo ukuran lan kahanan. Ana maneh prinsip

demokrasi liyane, yakuwi nganggep menawa jejering manungsa ana sangarepe hukum padha, ora mbedak-bedakake drajat lan kalungguhan, ora emban cindhe emban siladan, utawa ora tebang pilih.

Hanata Pakarti Ana Ing Ranah Birokrasi Manajemen ana ing era reformasi wektu iki, wis kepara maju orang mung mligi bab proses, nanging wis malebu ana ranah pemerintahan lan pembangunan wilayah. Orientasi sing digunakake ora mung ‘one sided’ nanging wis ‘multiple sided’ gumantung karo cak-cakane. Kanggo nanggapi kahanan kang sangsaya maju, sumbangan ilmu pengetahuan lan tekno-logi tumrap manajemen akeh banget. Piranti studi sing rupa analisis wis akeh banget, yakuwi analisis: ‘short term, long term, lingstra, telstra, MIS, decision making process’ lan liya-liyane, dadi piranti sing penting tumrap manajemen.

Kanggo hangulir budi lan nata pakarti ana ing ranah birokrasi, akeh tinemu mus-tikaning filosofi kang ana ing basa, lan susastra Jawa. Akeh banget kearifan budaya, pitutur luhur lan piwulang kautaman sing bisa disumbangake ana ing ranah birokrasi wektu iki. Pangajabe, supaya bisa dadi sarana kanggo ndandani lan mbangun watak, pakarti, lan perilaku birokrasi sing luwih becik lan kasil mujudake kahanan masyarakat sing luwih adil, maju, makmur, sejahtera, lan mandiri, yaiku nglimputi:

Sepisan, nilai-nilai filsafati sing ana ing sesanti ‘mamayu hayuning bawana’, sing mbanjur tambah dadi ‘mamayu hayuning nusa bangsa, mamayu hayuning sasama’. Wewaton sesanti iku ana wulangan Jawa supaya pada ‘sadar kosmis’, bisa njaga, mulihake, ngapikake, nglestarekake lingkungan (eco system). Ana ing manajemen pembangunan sinebut pembangunan sing lumaku lestari utawa ‘langgeng’ (sustainable development).

Kapindho, nilai-nilai sing ana ing kakawin, naskah-naskah, serat-serat, manuskrip Jawa perlu didhudhah, dipilah lan dipilih, tuladhane yakuwi sesanti ‘Aja Dumeh’, lamun sira nduweni panguwasa aja ‘kumawasa’, lamun sira duwe wewenang aja ‘sewenang-wenang’. Nilai-nilai sing ana sesanti ‘Aja Dumeh’ gayut banget karo watak-watak lan karakter kanggo para pangarsa ana ing ranah birokrasi, sing prayoga duweni watak ‘andhap asor, prasaja, lembah manah, cedhak lan mikirake rakyat lan nguwongake uwong.

Katelu, wulangan saka Sri Mangkunagara I kang ana ing Tri Darma, yaiku :

‘rumangsa melu handarbeni, wajib melu hangrungkebi, mulat sarira hangrasa wani’. Birokrasi nega-ra lan birokrasi pemerintahan prelu duweni watak eling lan mawas diri, menawa duma-dine ana ing birokrasi amarga saka rakyat, lan diwragadi nganggo dhuwit rakyat. Karana iku, birokrasi wiwit tataran ndhuwur temeka ing tataran ngisor prelu mikirake rakyat, lan mangerteni kebutuhan lan aspirasi rakyat.

Kapat, ana ing babagan manajemen politik sing kalebu angel lan rumit, ana tetembungan sing perlu digatekake, yakuwi anane watak: ‘dhandhang diunekake kontul, kontul diunek-ake dhandhang, esuk dhele sore tempe, mencla-mencle, cidra ing janji, ujure mbolak mbalik mbulet, njaba putih njero ireng, melik gendhong lali, nabok nyilih tangan, lan liya-liyane; sing prayoga disingkiri. Sabanjure ana uga tetembungan sing prayoga di ngretni lan dicakake, yakuwi : ‘sepi ing pamrih rame ing gawe’, ‘gotong royong holopis kuntl baris’, ‘aja rumangsa bisa, bisaa rumangsa’, ‘makarti, makarya, mandhireng’, ‘tepa sarira mulat sarira, eling precaya, tresna, temen, adil, budi luhur, ‘rukun agawe santosa, crah agawe bubrah’, lan liya-liyane; sing prelu dipersudi kanggo mujudake kesejahteraan rakyat.

Kalima, ana wulangan Jawa tumrap manajemen perencanaan tinemu ana ing ‘tanggap ka’, yakuwi wulangan supaya aja: ‘kedhuwuren, kedawan, kegedhen empyak kurang cagak, kakehen, kebangeten, kabablasen’ lan liya-liyane. Ana maneh wulangan ana ing unen-unen : ‘sing rikat ning aja kebat kliwat’, ‘sing duweni duga lan prayoga’, ‘aja mindho gaweni’, ‘sing rigen mugen lan tegean’, aja ‘boros, aja brah-breh’, lan liya-liyane; sing prelu dicakake ana ing birokrasi. Kabeh ayahan dibudidaya supaya tumanja lan murakabi.

Kanem, ana wulangan Jawa sing gayut karo pengawasan, yakuwi : ‘Desa mawa Cara, Negara mawa Tata’, Sing Sapa salah Seleh’, Menawa ‘Kasinungan Panguwasa aja Kumawasa’, ‘Jejeg-jujur iku jejering manungsa kang adil’, lan liya-liyane; sing prelu dingerteni lan dicakake. Nilai-nilai etik lan moral sing migunani lan gayut karo pengawasan uga tinemu ana ing: ‘prasetya, janji, ikrar, sumpah, pepali, wewaler’ lan liya-liyane, dingerteni lan disadhari. Ana ing basa, sastra, lan budaya Jawa akeh sing bisa diteliti, dipilah lan dipilih supaya bisa disumbangake tumrap manajemen birokrasi wektu iki.

Hastha Brata lan Kepemimpinan Pancasila

Kanggo ngadhepi lan nangani prekara kang warna-werna, babagan kepemimpinan (leadership) dadi wigati. Kepemimpinan nyakup perangan ilmu administrasi lan manajemen wewaton kaidah-kaidah ilmiah. Nanging uga nyakup perangan seni sing asipat adi, edhi lan endah, amarga malebu ana ing ranah rasa. Karana iku gumelare kepemimpinan, prelu nggunakake lan ndayakake ‘olah pikir’ lan ‘olah rasa’. Akeh banget tuntunan ngenani kepemimpinan wewaton buku-buku utawa teori-teori sing sipate ilmiah. Tuladhane, pemimpin prelu duweni ciri-ciri yaiku:

1. mumpuni (capable),
2. sarwa bisa utawa ahli (profesional)
3. bisa ditampa sapa wae (acceptable),
4. dipercaya dening sapa wae (credible),
5. tanggung jawab ana ing perangan apa wae (accountable), lan prelu duweni watak
6. demokratis, komunikatif, konsisten, konsekwen, duweni komitmen, lan liya-liyane.

Tuntunan ngenani babagan kepemimpinan wewaton kaidah ilmiah tinemu ana ing buku-buku ngenani manajemen. Menawa babagan iki didhudhah lan disambungake karo wulang kepemimpinan kang linambaran kearifan budaya Jawa, dadi luwih pepak kanggo ngisi lan nyuksesake ayahan ana ing ranah birokrasi wektu iki. Tuladhane unen-unen Jawa, yaiku ‘sawise pinilih, piniji, sing bisa pinuji’. Surasane, sawise pinilih wewaton pilihan sing demokratis, prelu diugemi lan disadhari menawa nampa amanah saka rakyat. Sabanjure, prelu duweni tekad, semangat, lan motivasi, tumuli gumregah mbudi daya supaya bisa pinuji, diormati lan ditresnani dening rekyate. Sesambungan karo babagan iki, akeh banget kearifan lokal lan wulangan Jawa sing bisa dadi tuntunan tumrap para pemimpin ana ing ranah birokrasi pemerintahan, mligine ana ing babagan etika lan moral.

Hanata Pakarti Wewaton Wulangan Hastha Brata

Wulang Jawa ngenani kepemimpinan sing kawentar lan gayut (relevan) ana ing bebrayan wektu iki, yaiku ‘Hastha Brata’. Ajaran ngenani Hastha Brata ana ing pewayangan, nenuntun satriya pinilih supaya duweni watak 8 (wolu), sinebut mahambeg utawa nulad ‘laku’ning: surya (srengenge), bantala (bumi), candra (rembulan), kartika (lintang), samodra (segara), akasa (langit), agni

(geni), lan maruta (angin). Surasa ana ing wulangan Hastha Brata nenuntun supaya duweni watak surya minangka sumber daya kekuwatan tumrap sapa wae ana ing alam iki. Para pemimpin diajab supaya menahi pituduh, lan njurung marang rakyat gumregah ngayahi tugas. Watak bantala menahi pituduh supaya para pemimpin duweni watak weweh, loma lan ngluberake apa wae sing didarbeki.

Mahambeg candra menahi piwulang wewaton lakuning rembulan sing madhangi ana ing wektu peteng. Surasane, weh pitutur tumrap para pemimpin supaya bisa nggugah semangat marang rakyat sing lagi padha nandhang susah. Watak kartika weh piwulang supaya para pemimpin bisa dadi panutan utawa patuladhan tumrap rakyat. Watak samodra ngemot piwulang supaya pemimpin bisa ‘momor, momong, momot’ marang rakyat.

Mahambeg akasa weh pituduh supaya duweni watak jembar lan bisa ‘nampa’ aspirasi masyarakat sing werna-werna. Watak agni nenuntun marang para pemimpin supaya adil lan wani menahi pidana tumrap sapa wae sing ora bener lan nglanggar peraturan. Mahambeg maruta menahi tuduh marang para pemimpin supaya cedhak karo rakyat, ngrengkuh lan nganggep padha marang sapa wae. Wulang kepemimpinan Hastha Brata prelu didhudhah utawa di- analisis wewaton kahanan wektu iki. Konteks ana ing pewayangan prayoga ditafsirake lan ditrepake karo kahanan wektu iki. Penafsiranku, wulang kepemimpinan ana ing Hastha Brata, saperangan bisa manjing lan dicakake sacara pribadhi dening para pemimpin. Nanging saperangan gedhe prelu kasebut lan malebu ana ing ranah Undang-undang (UU), Peraturan Pemerintah (PP), lan Peraturan Perundang-undangan liyane. Tuladhane, akeh kang wus kapacak kanthi trawaca ana ing Pembukaan UUD 1945.

Umpamane, negara duweni kewajiban nglindhungi warga negarane; negara duweni kewajiban ningkatake lan mbudi daya supaya rakyat pinter, cerdas, lan sejahtera, njejegake keadilan, ngopeni lansia, fakir miskin lan liya-liyane.

Program utawa ayahan birokrasi negara lan birokrasi ing tataran daerah, wewaton filosofi lan surasane Hastha Brata, prelu tinulis utawa kapacak ana ing naskah utawa dokumen perencanaan Pembangunan Nasional, Rencana Pembangunan Jangka Mene-ngah Nasional (RPJMN), Undang-Undang ngenani Anggaran Pendapatan dan Belanja Nasional (APBN), Rencana Pembangunan Jangka Menengah Daerah (RJPMD), Rencana Kerja

Pemerintah Daerah (RKPD), Peraturan Daerah (PERDA) ngenani Anggaran Pendapatan Belanja Daerah (APBD), Peraturan Gubernur, Peraturan Bupati utawa Walikota, Anggaran Pendapatan dan Belanja Daerah (APBD), lan liya-liyane.

Hanata Pakarti Lelandhesan Kepemimpinan Pancasila

Kanggo ngadhepi lan nanggulangi akehing prekara ana ing ranah birokrasi negara lan birokrasi pemerintahan, kepemimpinan Pancasila prelu dadi dhasar utawa landhesan kanggo mujudake kahanan masyarakat sing luwih sejahtera, luwih adil lan luwih makmur. Kanggo mujudake gegayuhan luhur iki, kridhaning para pemimpin wiwit tataran Pusat, Provinsi tumeka ing tataran Desa prelu ngerteni lan ngecakake kepemimpinan Pancasila. Kuwajiban sing wigati tumrap pemimpin ana ing ranah iki yaiku nyurung marang rakyat supaya sadhar lan mangerteni laku jantraning nagara, lan tata gelaring kabangsan, adhedhasar Pancasila lan UUD 1945. Ana cagak utawa pilar cacah papat sing sipate wis dadi ‘harga mati’, yaiku: Pancasila, UUD 1945, Negara Kesatuan Republik Indonesia (NKRI), lan Bhineka Tunggal Ika. Pilar cacah papat iki prelu manjing ana ing ranah birokrasi pemerintahan ana ing saben tataran.

Birokrasi negara kudu ngregem, gujengan lan bisa ngecakake ‘pilar papat’ kasebut ana satengahing masyarakat. Nilai-nilai ana ing Pancasila prelu diwujudake lan dicakake ana ayahan pembangunan. Tumrap para pangarsa praja utawa pemimpin ing tataran Pusat, Provinsi, Kabupaten/Kutha, Kecamatan, Desa lan Kelurahan, prayoga sinau, nyinau, lan ngerteni gumelare kepemimpinan Pancasila. Surasa ana ing kepemimpinan Pancasila nyakup lan ngukup kabeh filosofi, moralitas, wulangan utawa ajaran ngenani sila-sila ana ing Pancasila. Sila sepisan ‘Ketuhanan Yang Maha Esa’ mengku surasa, yaiku supaya duweni akhlak utawa watak:

1. iman lan taqwa marang Allah SWT,
2. ngormati marang sapa wae, lan
3. merdika utawa bebas nindakake ngibadah wewaton agama kang dianut.

Surasa ana ing sila ‘Kemanusiaan yang Adil dan Beradab’, nenuntun supaya padha duweni watak:

1. nyadhari anane hak lan kuwajiban sing timbang,
2. rukun lan toleran,
3. bisa nyambut gawe bebarengan.

Surasa ana ing sila ‘Persatuan Indonesia’, ngajab supaya duweni watak tresna marang nusa lan bangsa kang sinebut:

1. nasionalisme lan patriot-isme,
2. nengenake persatuan lan kesatuan bangsa, (
3. memundhi lan bisa mujudake sesanti ‘bhineka tunggal ika’.

Surasa ana ing sila ‘Kerakyatan yang dipimpin oleh hikmat kebijaksanaan dalam permusyawaratan/perwakilan’, nenuntun supaya luwih nengenake watak:

1. arif lan wicaksana
2. musyawarah lan mufakat,
3. ngecakake apa wae sing wis dadi keputusan.

Surasa ana ing sila ‘Keadilan Sosial bagi seluruh rakyat Indonesia’, nenuntun supaya duweni watak:

- 1) mujudake kahanan adil
- 2) warata kanggo kabeh rakyat
- 3) gotong royong.

Mindeng lan mandeng wulang kepemimpinan adhedhasar filosofi Pancasila prelu dijlentrehake nganggo tembung basa sing prasaja lan populer. Birokrasi negara lan birokrasi pemerintahan, bisa nggunakake referensi sing wis ditetepake ana ing lingkungan prajurit TNI sing sinebut: 11 (sewelas) asas kepemimpinan, sing nglimputi:

1. Taqwa
2. Ing Ngarsa sung Tuladha
3. Ing Madya mangun Karsa
4. Tut Wuri Handayani
5. Waspada Purba Wisesa
6. Ambeg Paramarta
7. Prasaja

8. Satya
9. Gemi Nastiti
10. Belaka
11. Legawa.

Hanata pakarti wewaton 11 asas kepe-mimpinan kasebut ora gampang. Prelu dipersudi lan dihayati kanthi premati. Ana ing jagat pewayangan, ana pocapan dalang : ‘dene utamane Nata berbudi bawa laksana’. Berbudi bawa laksana duweni surasa yaiku netepi pangandika. Kabeh pangarsa ana ing birokrasi negara lan birokrasi pemerintahan, kudu gujengan, ngugemi lan memundhi sumpah, janji, prasetya, paugeran, lan kode etik kepemimpinan. ‘Sabda Pandhita Ratu tan kena wolawali’, surasane para pangarsa birokrasi kudu bisa hanata pakarti, yiku: aja mencla-mencle, aja esuk dhele sore tempe. Satunya kata dengan perbuatan.

Ana ing jagat pewayangan uga tinemu nilai-nilai kepemimpinan lan gegambaraning watak satriya, yaiku: satriya pinandhita. Satriya ngregem lan duweni watak wani, tegas, tangguh, jujur, lan tanggap ing sasmita. Satriya pinandhita uga nregem lan duweni watak pandhita, utawa watak brahmana sing tansah caket lan tansah nyaket karo Dhat Kang Maha Kawasa. Gumelare watak satriya minangka pangarsa ana ing birokrasi negara, bisa nulad watak satriya pinandhita kang mahambeg utama, adoh saka watak nistha.

Ana bebrayan ing Inggris, tinemu mustikaning watak yaiku : ‘to be a gentlemen’. Ana ing kene tinemu surasa , yaiku; menawa luput ya ngakoni luput, menawa salah ya ngakoni salah. Birokrasi negara lan birokrasi pemerintahan wektu iki angel banget ngregem lan ngugemi watak-watak kasebut. Akeh sing padha duweni cara lan pinter endha, mbulet, lan nggubet. Prayogane, para pejabat publik wektu iki, wiwit nulad lan mbabar watak ‘to be a gentlemen’, menawa salah ya ngakoni salah. Surasa ana piwulang: ‘jujur, jejeg iku jejering manungsa utama’ prelu diwujudake ana ing ranah birokrasi negara lan birokrasi pemerintahan. Menawa wektu iki ana ing Diklat Kepemimpinan wis wiwit diwulangake Etika Pemerintahan, kaya wis wektune Pitutur Luhur lan Piwulang Kautaman, malebu lan ditatarake ana ing pendidikan lan latihan kepemimpinan (Diklatpim) ana ing birokrasi pemerintahan. Kejaba saka iku, piwulang kautaman lan pitutur luhur bisa dipilah lan dipilih kanggo nyusun lan nyempurnakake Kode Etik ana ing

bebadan Negara. Kanggo nyengkuyung ayahan iki, Universitas utawa Perguruan Tinggi prelu ndhapuk pusat kajian tumrap pitutur luhur lan piwulang kautaman sing trep karo kahanan wektu iki.

Kanggo nanggapi prelune birokrasi negara lan birokrasi pemerintahan sing jejeg, adil, resik, bener, pener, kuwat, lan wibawa, ayahan Hangulir Budi Nata Pakarti dadi ayahan sing wigati. Ayahan agung kang bakal ditindakake, malebu ana ing ranah Pen-didikan Karakter Bangsa lan Pembangunan Karakter Bangsa. Bab Pendidikan Karakter Bangsa, wis ditandhesake ana ing Undang-Undang Dasar Tahun 1945 Pasal 31 ayat (3): yang menyebutkan bahwa pemerintah mengusahakan dan menyelenggarakan satu sistem pendidikan nasional, yang meningkatkan keimanan dan ketakwaan serta akhlak mulia dalam rangka mencerdaskan kehidupan bangsa yang diatur dengan Undang-Undang.

Sabanjure, dikuwatake adhedhasar UU Nomor 20 Tahun 2003 Tentang Sistim Pendidikan Nasional, Pasal 3: yang menyebutkan bahwa secara formal pendidikan budaya dan pembangunan karakter dalam upaya menciptakan pribadi yang cerdas dan berakhlak mulia menjadi sasaran dan tujuan utama pendidikan. Sabanjure, wewaton Undang-Undang Nomor 2 Tahun 2008 tentang Partai Politik, uga ditandesake prelune Pendidikan Politik, supaya nilai-nilai kang ana ing idiologi parte bisa dingerteni lan dicakake kanggo mbangun watak bangsa.

Ayahan pendidikan karakter ana ing jalur sekolahan luwih gampang dicakake, amarga dasar hukume wis kuwat, nanging ana ing ranah pulitik mbutuhake komitmen pangarsa parte supaya bisa mujudake warga negara sing becik (good citizen), lan duweni watak utawa karakter sing apik. Tekat lan semangat kanggo ngadani ayahan Pemba-ngunan Karakter Bangsa wus wiwit ngrembaka, apamaneh sawise kababar Design Induk Pembangunan Karakter Bangsa 2010-2025. Kejaba saka iku, Kementerian Pendidikan Nasional wis kasil nyusun Rencana dan Strategi ngenani Pendidikan Karakter Bangsa, Kementerian Kebudayaan Kebudayaan, uga wis nerbitake buku Strategi Pem-bangunan Karakter dan Pekerti Bangsa. –

Daftar Kapustakan

1. Abdullah Ciptoprawiro, dr, Filsafat Jawa, Balai Pustaka, 1986 Jakarta.

2. Akademi Magelang, Hangulir Budi Hanata Pakarti, Sarasehan Budaya, 2010, Magelang.
3. Amir, Hazim, Dr MA, Nilai-nilai Etis dalam Wayang, Sinar Harapan, 1991, Jakarta.
4. Badan Pengkajian Kebudayaan, Pengkajian Sastra Jawa, 1987, Semarang
5. Direktorat Pembangunan Karakter dan Pekerti Bangsa, Kemenbudpar, Strategi Pemba-ngunan Karakter dan Pekerti Bangsa, Jakarta.
6. Edi Sedyawati, Prof, Dr, dkk, Pedoman Penanaman Budi Pekerti Luhur, Balai Pustaka, 1999, Jakarta.
7. Hardjono, Prof. Mr, Tradisi Sosial, Fisipol 1965, Yogyakarta.
8. Koentjaraningrat, Prof. Dr, Kebudayaan Jawa, Balai Pustaka, 1984, Jakarta.
9. Mabes TNI, Vadamecum, Seskoad, 1980, Bandung.
10. Mangunhardjana, A, Isme-isme dari A Sampai Z, Kanisius, 1996, Yogyakarta.
11. Paguyuban Trah Pakualaman Hudyono, Pendidikan Karakter Bangsa Dalam Konsep Ki Hajar Dewantara, Pakualaman, 2010, Yogyakarta.
12. Sarwan, Pepakem Ilmu Luhur Budaya Adiluhung, Bagian Sosial Setda , 1998, Wonogiri.
13. Sekretariat Jenderal Mahkamah Konstitusi RI, Undang-Undang Dasar Negara Republik Indonesia Tahun 1945, 2006, Jakarta.
14. Sujamto, Ir, Refleksi Budaya Jawa, Dahara Prize, 1992, Semarang.
15. Sosrokartono, RMP, Kumpulan Renungan Rabu Pahing, 1977, Bandung.
16. Soetomo WE, Drs, Imam Soedibyo, Drs, Soegeng Reksodihardjo, Drs, Ungkapan Tradisional Yang Berkaitan Dengan Sila-sila Dalam Pancasila Daerah Jawa Tengah, Direktorat Sejarah dan Nilai Tradisional, 1986, Semarang.
17. Soetrisno PH, Drs, Falsafah Hidup Pancasila Sebagaimana Tercermin Dalam Falsafah Hidup Orang Jawa, LPM Universitas Gajah Mada, 1977, Yogyakarta.
18. Sri Mulyana, Ir , Wayang dan Kharakter Manusia, Gunung Agung, 1986, Jakarta.
19. Suseno, Franz Magnis, Perspektif Etis Pembangunan, artikel, 1986, Jakarta.
20. Tedjopremono RS, Drs dan Sindu Sidharta BRM, Drs, Himpunan Pitutur Luhur, Direktorat Jendral Kebudayaan Departemen Pendidikan dan Kebudayaan, 1980, Jakarta

21. Tedjopremono RS, Drs dan Sindu Sidharta BRM, Drs, Wejangan Para Mpu, Direktorat Jendral Kebudayaan Departemen Pendidikan dan Kebudayaan, 1980, Jakarta.
22. Tulus Koesoemaboedaya, Wewarah Adiluhung Para Leluhur Nuswantara, Kulawarga Soeryobraton, Semarang, 1992.
23. Undang-undang RI Nomor 20 Tahun 2003, Sistem Pendidikan Nasional, Aneka Ilmu, 2003, Semarang.
24. UU Nomor 32 Tahun 2004, Tentang Pemerintahan Daerah.
25. UU Nomor 2 Tahun 2008 Tentang Partai Politik.
26. PP Nomor 38 Tahun 2007 Tentang Pembagian Urusan Pemerintahan Antara Pemerintah, Pemerintah Daerah Provinsi dan Pemerintah Daerah Kabupaten/Kota
27. Metro TV, www.metronews.com, September-Oktober, 2011, www.detiknews, September-Oktober 2011, wikipedia bahasa Indonesia, Wikipedia bahasa Jawa, www.ki-demang.com, dll
28. Yatmana, Sudi, RMA dan Sutadi, Drs.H, Blencong 45, Aneka Ilmu 2005, Semarang.